



Ann repanse Edikasyon espesyal

Chè Nouyòkè,

Plis pase yon ane, mwen te voye yon bilten nouvèl PS + You ki gen menm liy sijè sa a. Mwen t ap anonse yon pwolonjman istorik pwogram espesyalize nou an pou elèv ki gen andikap, ansanm avèk lansman [Komite konsiltatif Edikasyon Espesyal \(Special Education Advisory Council\)](#).

Kounye a, mwen kontan pataje yon mizajou enteresan: Komite Konsiltatif elèv la konpile rapò final li a. Apre plizyè èdtan bon jan chita pale ak analiz, 52 manm Komite a—ki reprezante fanmi, lidè kominotè, defansè, elèv, edikatè, ak lòt moun ankò—pwopoze rekòmandasyon sa yo ki gen ladan:

- Ranfòse konfyans ant lekòl ak fanmi yo
- Bay priyorite pou investisman nan pwogram edikasyon espesyal ki bò lakay elèv yo
- Chanje mantalite ak entegre pi devan eksperyans lavi moun ki gen andikap yo nan travay nou an

Yon tèm enpòtan nan rekòmandasyon sa yo se enklizyon, epi menmsi gen anpil travay pi devan, mwen fyè pou etap nou deja pran yo.

Otòn sa a nou pral elaji pwogram Nest, Horizon, ak AIMS nou yo ki popilè anpil nan Distri 5, 12, ak 14, pou pi byen sipòte elèv ki gen otis nou yo k ap antre nan Kindergarten. Ni Nest ni Horizon, ki sèvi elèv jiska klas 12yèm ane, afiche rezilta enpresyonan (yo gen mwayèn to gradyasyon lekòl segondè 95%!), epi plis kantite fanmi ap chèche enskri. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Nest, Horizon, ak AIMS [sou sitwèb nou an](#).

Nou te kreye tou nouvo inisyativ nou an [Inisyativ lang entèdepandan ak enklizif \(Inclusive and Interdependent Language Initiative\)](#), yon glosè tèm yo ki fè pwomosyon pou enklizyon ak konbat diskriminasyon nan benefis moun ki pa gen andikap (ableism). Mwen ankouraje w revize resous sa a epi entegre konsèy li nan entèraksyon w avèk elèv yo, kit ou se yon edikatè, paran, oswa manm kominote a.

Finalman, mwen vle remèsye manm Komite yo pou bon travay la. Mwen rekonesan pou devouman w, patenarya, ak ekspètiz ou pandan n ap repanse edikasyon espesyal avèk fòs nan lekòl nou yo.

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou [Paj YouTube](#) nou an.

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl ki pi resan an sou NYCPS.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” (“soutit/CC”). Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).